

Pou Piblikasyon Imedya: 28/08/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO DEPLWAYE RESOUS VOYE PÒTORIKO AK ZILE VYÈJ
AMERIKÈN YO ALAVANS OURAGAN YO PREVWA**

***Li Deplwaye Anplwaye NYPA yo Voye nan Toude Rejyon yo pou Siveye Ouragan
Dorian epi Ede nan Kad Repons Ijans yo***

***Li bay 100 Manm Patwouy Eta a yo, Ekip Repons Espesyalize ak Tout Ekipman yo
Lòd pou yo Rete Annatant pou yo Ede si gen Bezwen***

***Cuomo: "Aprè Prezidan Trump ak Administrasyon Federal la te trete pèp Pòtoriko
a nan fason endiy tankou yo te sitwayen dezyèm klas apre pasaj Ouragan Maria
ak Irma, Eta New York te pran devan pou l ede - epi kounye a n ap refè menm jan
ankò".***

Pandan Pòtoriko ap kontinye chache retabli l apre dega Ouragan Maria ak Irma a yo, jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse deplwaman anplwaye ak resous Eta New York voye bay Pòtoriko ak Zile Vyèj Amerikèn yo paske yo prevwa Ouragan Dorian pral frape rejyon an. Gouvènè a te bay Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA) lòd pou yo voye yon ekip anplwaye pou siveye sityasyon an nan de (2) lokalite epi pou yo travay ak Otorite Enèji Elektrik Pòtoriko a (Puerto Rico Electric Power Authority) ak Otorite Dlo ak Enèji Zile Vyèj Amerikèn yo (U.S. Virgin Islands Water & Power Authority) nan kad preparasyon repons ijans yo. Gen plis anplwaye NYPA ki prè pou deplwaman jan sa nesesè. Gouvènè a te bay Lapolis Eta New York la (New York State Police) lòd pou yo mete 100 manm patwouy annatant pou deplwaman al nan zile yo, epi Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans lan (Division of Homeland Security & Emergency Services) prè pou yo ede nan kad kòmand ak kontwòl lojistik, kominikasyon, planifikasyon ak lòt fonksyon sipò ijans yo bezwen sou tèren an yo.

"Aprè Prezidan Trump ak Administrasyon Federal la te trete pèp Pòtoriko a nan fason endiy tankou yo te sitwayen dezyèm klas apre pasaj Ouragan Maria ak Irma, Eta New York te pran devan pou l ede - epi kounye a n ap refè menm jan ankò", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Zile yo toujou ap chache rekonstwi apre devastasyon siklòn ki te pase yo, sa ki rann yo menm pi frajil ankò fas a ouragan k ap vini yo. Se poutèt sa m ap deplwaye anplwaye ak resous Eta a yo pou al siveye sityasyon an epi ede nan kad repons ijans yo. Fanmi New York la kanpe dèyè pèp Pòtoriko ak Zile Vyèj Amerikèn yo epi kòm toujou nou pral fè tout sa nou kapab pou n ede pandan moman difisil sa yo."

Depi lè Ouragan Maria te atèri an Septanm 2017 la, Gouvènè Cuomo te vwayaje al Pòtoriko senk fwa epi li te kontinye bay lòd pou voye resous enpòtan pou kominote ki nan bezwen yo. Imedyatman aprè ouragan an, New York te tabli Efò Sekou ak Retablisman Empire State la (Empire State Relief and Recovery Effort), anfenkont, yo te rive distribiye omwen 4,400 palèt materyèl yo te kolekte nan 13 sit don toupatou

atravè eta a yo. Eta New York te deplwaye plis pase 1,000 pèsònèl, ki gen ladan anpil travayè sèvis piblik ak elektrisyen espesyalis pou ede nan kad retablisman kouran ak estabilizasyon rezo a.

Sou lidèchip Gouvènè, Eta New York te dedye anviwon 13 milyon dola pou sipòte plis pase 11,000 viktim Ouragan Maria ki te deplase yo ki ap viv nan New York. Yon pati nan finansman sa pral jwenn òganizasyon k ap konekte moun Pòtoriko ki vilnerab yo ak sèvis yo bezwen yo tankou anplwa, lojman, oryantasyon pou avantaj yo ak swen sante. Gouvènè Cuomo te pran angajman jiska 11 milyon dola tou sou fòm finansman lojman ak mendèv pou Pòtoriken yo te deplase yo: 1 milyon dola pou yon pwogram k ap ofri sèvis jesyon ka solid pou Pòtoriken yo te deplase yo, ak jiska 10 milyon dola pou finanse fòmasyon travay ak plasman pwofesyonèl.

Aktyèlman la, NYPA ap kontinye ofri konsiltasyon sou yon bann seri pwoblèm ki gen rapò ak rekonstriksyon rezo elektrik Pòtoriko a, kote y ap konsantre pi presizeman sou domèn sa yo: asistans teknik ak defans, refòm jesyon ak operasyon yo; epi ranfòse eta preparasyon pou ijans yo. Ant mwa Novanm 2017 ak Avril 2018, plis pase 450 anplwaye sèvis piblik Eta New York, sou direksyon NYPA te ale Pòtoriko pou ede retabli kouran. Ekip sèvis piblik Eta New York yo, anba lidèchip NYPA, te genyen ladan yo prensipalman espesyalis nan transmasyon ak distribisyon kouran, evalyatè dega ak anplwaye sipò jeneral, ki te antreprann pwosesis reparasyon kab elektrik yo ak lòt travay nan enfrastrikti elektrik kote yo te konsantre premye efò retablisman kouran an yo nan San Juan. Yo te vini avèk yo anpil santèn kamyon nasèl, pèl mekanik, pèl ekskavatris ak lòt ekipman espesyalize pou yo fin fè reparasyon nesèsè nan kab transmasyon ak distribisyon yo epi yo te travay 16 zèdtan pa jou, sèt jou lasemèn pou ede retabli kouran. Apresa, lòt travayè sèvis piblik ki te soti toupatou nan peyi a te rejwenn travayè sèvis piblik Eta New York yo—sou direksyon Enstiti Elektrik Edison lan (Edison Electric Institute), Asosyasyon Enèji Piblik Ameriken an (American Public Power Association) ak Asosyasyon Kowoperativ Elektrik Riral Nasyonal la (National Rural Electric Cooperative Association)—pou ede retabli kouran nan lòt zòn zile a.

Gouvènè Cuomo ak Delegasyon Kongrasyonèl New York la (New York Congressional Delegation) kontinye ap defann Pòtoriko pou li kapab resevwa èd federal li bezwen an. An 2017, Gouvènè Cuomo ansanm ak manm Delegasyon Kongrasyonèl New York la, ak fonksyonè eli Pòtoriken yo te pibliye yon Rapò sou Evalyasyon pou Rekonstwi Pi Byen (Build Back Better Assessment Report). Rapò a te idantifye sektè presi yo ki bezwen envestisman, tankou lojman, rezo elektrik ak rezistans, ak agrikilti pami lòt sektè toujou.

Aprè ete 2018 la, Gouvènè Cuomo te anonse finisman reyisi Inisyativ Rekiperasyon epi Rekonstriksyon New York Kanpe ak Pòtoriko a (NY Stands with Puerto Rico Recovery and Rebuilding Initiative) pandan tout ete a. Pandan ete a, plis pase 650 etidyan SUNY ak CUNY, ansanm ak volontè trè kalifye, te vwayaje al nan kominote zile a ki kontinye ap rekipere apre pasaj Siklòn Maria ak Irma pou yo bay asistans kote ki gen bezwen. Nan yon total senk deplwaman, volontè yo te pase 41,000 èdtan ap netwaye, restore, ak rekonstwi kay. Yo te rive te depase objektif pou renove 150 kay la lontan, kote yo te restore 178 kay otout pandan 10 semèn. Gouvènè a te kontinye deplwaman elèv SUNY ak CUNY pou ede nan efò rekiperasyon pandan tout sezon ete 2019 la.

Sou direksyon Gouvènè Cuomo, konsèy administrasyon SUNY ak CUNY yo te adopte rezolisyon an otòn 2017 k ap otorize kanpis yo ofri etidyan ki soti Pòtoriko yo ak Zile Vyèj Amerikèn yo ke Ouragan Maria ak Irma te afekte yo kapasite pou yo peye pou frè eskolè nan menm to ak rezidan eta yo pou ane akademik 2017-2018 la. Toude sistèm yo te renouvle sibvansyon pou menm frè eskolè ak rezidan eta a yo pou ane akademik 2018-2019 la.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou efò sekou ak retablisman ki ankou deja nan Pòtoriko yo, tanpri vizite pajwèb Efò Sekou ak Retablisman Empire State pou Pòtoriko ak Zile Vyèj Amerikèn Gouvènè a te mete sou pye a.

###

Lòt nouvel disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)